



Akademisyen Dominique BARTHELEMY

Prezantasyon:

Dominique BARTHÉLEMY FÈT 3 mas 1964 nan komin Limonad, depatman Nò peyi Ayiti. Li gen de (2) lisans: yonn nan syans jiridik ak yon lòt nan syans lengwistik nan Université d'Etat d'Haiti. Mesye Barthélemy genyen tou fòmasyon kòm jij, li diplome nan Ecole de la Magistrature Lekòl (EMA) nan lane 2014.

Angajman:

Pwofesè e manm fondatè Asosyasyon pwofesè Lang Kreyòl Nò/Nòdès, Mesye Barthélemy fè pwomosyon lang kreyòl nan divès aktivite l ap mennen nan Nò peyi a depi 2001, lane li kite Pòtoprens pou retounen lakay li Okap. Li fonde, nan lane 2017 la, AKÒ (Aksyon Kreyòl Òganize). Wòl prensipal òganizasyon sila a se sèvi yon referans pou ankadre popilasyon Nò a nan aktivite entèlèktyèl ki angaje lang kreyòl, tankou : preparasyon ak prezantasyon konferans ; koreksyon ak lekti kritik maniskri, elatriye.

Se Asosyasyon Pwofesè Lang Kreyòl Nò/Nòdès ki te rekòmande Dominique BARTHÉLEMY pou vin Akademisyen.